



Pou Piblikasyon Imedya: 22/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO APWOUVE PLIS PASE 5,750 RABÈ MACHIN ELEKTRIK NAN PREMYE ANE PWOGRAM “DRIVE CLEAN REBATE” LA**

***Konsomatè Sèvi ak Rabè yo nan Tout Konte yo; Machin ki pa Kreye Polisyon Ede New York Atenn Objektif “Charge NY” li yo***

***Li sipòte Objektif Gouvènè Cuomo, ki se Diminye Emisyon Gaz Efè Tèmik yo a 40 Pousan disisi 2030***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse gen plis pase 5,750 konsomatè ki te resevwa rabè pou achte machin elektrik nan New York, apre Eta a te lanse “Drive Clean Rebate” (Rabè Pou Kondui Pwòp) gen ennan de sa. Inisyativ sa a bay rezidan New York yo yon rabè ki rive jiska 2,000 dola pou acha oswa bay yon nouvo machin elektrik nan men konsesyonè k ap patisipe yo. Pwogram rabè an soutni gwo objektif Gouvènè Cuomo ki se redwi emisyon gaz ki lakòz efè tèmik yo de 40 Pousan disisi 2030.

“New York kontinye alatèt nasyon an nan redui anprent kabòn nou paske nou investi nan altènativ enèji pwòp”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Gras a ‘Drive Clean Rebate’ ak soutyen konstriksyon nouvo estasyon rechaj elektrik, administrasyon sa a ap pran mezi enpòtan pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik, epi n ap fè plis jefò toujou pou New York vin pi pwòp, pi vèt pou tout moun.”

“Pandan vwayaj mwen toupatou nan New York, mwen te wè lavni devan je mwen: Plis machin elektrik sou wout yo ak plis estasyon rechaj elektrik nan kominote yo, e se ‘Drive Clean Rebate’ ki soutni anpil nan yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Pwogram sa a ede moun New York sèvi ak veyikil elektrik pito, sa ki lakòz mwens polisyon ak yon New York ki pi pwòp e pi vèt.”

Yo apwouve rabè yo nan tout 62 konte yo, toupatou nan Eta New York. Apeprè 32 pousan nan ranbousman yo apwouve yo, se te konsomatè Long Island ki te soumèt yo, epi apre sa chofè nan Mid-Hudson Valley. Annapre an n ap jwenn yon deskripsyon konplè aplikasyon pou rabè yo, selon rejyon an:

<b>Rejyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la (Regional Economic Development Council, REDC)</b>	<b>Aplikasyon an total*</b>	<b>% Total la</b>
---	-----------------------------	-------------------

Long Island		
Mid-Hudson Valley		
Distri Kapital		
Finger Lakes		
Vil New York		
Rejyon Lwès New York		
New York Santral		
Southern Tier		
Mohawk Valley		
North Country		

21/03/17 - 15/03/18

Depi yo te anonse 'Drive Clean Rebate' nan mwa Mas 2017 la te renonse, Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), ki administre inisyativ la, te apwouve plis pase 7.5 milyon dola rabè pou moun New York ki te achte 35 diferan kalite machin.

Modèl machin ki pi popilè yo, ke yo vann oswa mete an bay, gen ladan:

- Toyota Prius Prime, ki te konte pou plis pase 38 pousan rabè yo;
- Chevrolet Bolt EV, ki te konte pou 12 pousan rabè yo;
- Chevrolet Volt, ki te konte pou 9 pousan rabè yo;
- Ford Fusion Energi, ki te konte pou 8 pousan rabè yo; ak
- Kia Soul EV, ki te konte pou plis pase 8 pousan rabè yo.

An jeneral, pifò konsomatè yo te resevwa rabè pou omwen 1,100 dola pou nouvo machin elektrik yo. Kòm yon rezilta inisyativ sa a, plis pase 10,000 machin elektrik te vann an 2017, sa ki se yon ogmantasyon 67 pousan parapò a 2016.

Sektè transpò an responsab plis pase 40 pousan emisyon gaz ki lakòz efè tèmik yo. Konpare ak machin ki alimante ak gazolin yo, machin elektrik yo pi efikas sou plan enèji epi yo koute anviwon 50 a 70 pousan mwens pou kouri pa kilomèt. Yo prevwa ekonomi emisyon kabòn ki soti nan machin k ap resevwa rabè a dapre inisyativ sa ap 115,000 tòn metrik pa ane, ekivalan si w retire 24,000 machin sou wout la.

**Charge NY 2.0:** Pou ankouraje e soutni adopsyon machin elektrik, Gouvènè Cuomo te anonse yon pwopozisyon nan diskou Eta Eta li an pou ogmante kantite estasyon rechaj ki genyen toupatou nan New York disi fen 2021. Dapre inisyativ "Charge NY 2.0" Gouvènè a, omwen 10,000 estasyon rechaj pral disponib, epi eta a ap agrandi koridò gaz pwòp li; konsa machin pwòp yo ap ka vwayaje nan tout sistèm atravè New York yo epi rebran chaj kote ki pratik pou yo.

"Charge NY 2.0" nan menm lanse ak "Charge NY," ke yo te lanse an 2013 epi ki sible 30,000 a 40,000 machin elektrik sou wout la disi fen 2018. New York deja atenn sib sa a paske li te vann plis pase 30,000 machin elektrik letan 2017 te fini. Anplis de sa,

kantite estasyon rechaj piblik yo te ogmante, pase de apeprè 500 an 2011 pou depase 2,000 nan tout eta a.

**“Drive Clean Rebate”**: Rabè 70 milyon dola sou machin elektrik sa a chache ankouraje kwasans itilizasyon machin elektrik pwòp epi ki pa polyan yo nan New York, epi fè pwomosyon rediksyon emisyon kabòn nan sektè transpò a. Objektif lan se pou bay konsomatè yo rabè pou ogmante lavant ak bay yo, epi konstwi dinamism mache a, sa ki pral an retou fè bese pri veyikil yo pou konsomatè yo.

Nan sa, yo te mete 55 milyon dola apa pou rabè yo ki jiska 2,000 dola pou acha oswa bay yon nouvo machin elektrik ibrid ki pou branche, yon machin ki totalman elektrik, oswa yon machin ki mache ak gaz idwojèn. Rès 15 milyon dola a pral soutni amelyorasyon sansibilizasyon konsomatè yo pou machin elektrik yo ak pakèt benefis yo genyen, enstalasyon plis estasyon rechaj atravè eta a, devlopman ak demonstrasyon nouvel teknoloji transmisyon machin yo, ak lòt efò pou mete plis machin elektrik sou wout New York yo.

Plis pase 40 diferan kalite machin elektrik disponib sou inisyativ “Drive Clean Rebate” la. Pou plis enfòmasyon, al sou sit NYSERDA a, ki rele [“Drive Clean Rebate”](#).

“Drive Clean Rebate” fè pati estrateji jeneral Eta New York la pou transpò pwòp, pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik yo epi soutni estrateji Refòm Vizyon Enèji (Reforming the Energy Vision) Gouvènè an pou bati yon sistèm enèji pwòp, rezistan ak abòdab. Nan ane ki sot pase a, eta a te bay anplwayè yo prim pou yo te ankouraje anplwaye kondui machin elektrik; li te enstale estasyon rechaj nan zòn piblik yo, e li te fè 2.2 milyon dola rabè vin disponib nan Fon Pwoteksyon Anviwònman an (Environmental Protection Fund) pou minisipalite yo achte oswa peye bay machin elektrik (ibrid ki pou branche oswa ki gen batri) oswa ki pra gaz idwojèn pou seri machin minisipal, e pou enstalasyon enfrastrikti rechaj piblik oswa ravitayman gaz.

Eta a te revize tou règleman yo pou klarifye règ pwopriyetya estasyon rechaj yo, ansanm ak rechèch ak pwojè demonstrasyon ki te valid konsènan nouvel teknoloji ak règleman pou machin elektrik ki pou branche yo. Thruway Eta New York ap travay tou pou enstale estasyon rechaj sou tout wout li yo.

**Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare**, “Sikse ‘Drive Clean Rebate’ la montre chofè yo vle machin ki sèvi ak enèji ki pwòp ak efikas, nan kad lavi toulèjou yo. ‘Drive Clean Rebate’ Gouvènè an ap pèmèt plis moun New York kondui machin pi pwòp epi, konsa, diminye emisyon danjere, pou fè kominote nou yo pi pwòp e pi vèt.”

**Senator Joseph Griffo, Prezidan Komite sou Enèji ak Telekomunikasyon (Committee on Energy and Telecommunications) Sena, te deklare**, “Mwen bat bravo pou jefò Eta New York kontinye ap fè pou ankouraje itilizasyon machin ki pa koze polisyon, atravè pwogram ‘Charge NY’ ak pwogram ‘Drive Clean Rebate.’ Rabè ki soutni envèstisman konsomatè yo nan machin ibrid ki pou branche, machin ki elektrik nèt, ak machin ki sèvi ak gaz idwojèn, ap fè bon travay nan ankouraje itilizasyon veyikil pwòp sa yo, sa ki pral ede diminye polisyon nan sektè transpò an. Plis estasyon rechaj pou machin elektrik ak idwojèn, kote ki pratik, pral ede pwopriyete biznis yo ak sitwayen

yo tou pran desizyon kondui machin ki pa lakòz polisyon. Nou espere sa va lakòz pri machin sa yo desann e avèk letan sibvansyon yo p ap nesesè ankò. Mwen kontan dèske mwen te fè pati jefò sa a nan bidjè ane pase an, epi mwen soutni plis efò pou diminye emisyon lè onivo sektè transpò an.”

**Manm Asanble a Michael Cusick, ki se Prezidan Komite Enèji Asanble a (Assembly Energy Committee), te deklare,** “Lè moun New York achte machin elektrik, yo montre angajman yo pran pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik. Rezidan yo wè avantaj ki genyen lè yo achte machin elektrik, sa nou konstate gras a siksè pwogram ‘Drive Clean Rebate’ la. Lè nou bay moun k ap acht oswa peye bay pou machin yo rabè, sa ankouraje plis moun achte machin elektrik epi kontinye eseye atenn objektif Eta nou an pou ane 2030 la. Mèsi, Gouvènè Cuomo ak NYSERDA, poutèt nou pran ka pwoblèm sa a.”

**Robert Vancavage, Prezidan, Asosyasyon Konsesyonè Machin Eta New York (New York State Automobile Dealers Association), te di konsa,** “Nouvo franchiz konsesyonè machin yo trè apresye pwogram rabè machin elektrik Gouvènè an, ki te fè yon diferans enkwayab nan volonte piblik la pou li chwazi achte oswa peye bay pou yon veyikil elektrik. Manm nou yo adopte nouvo teknoloji sa a epi y ap kontan vann ak pèmèt bay pi plis machin elektrik toujou.”

**Mark Schienberg, Prezidan, Greater NY Auto Dealers Association, di konsa,** “Onon tout nouvo franchiz konsesyonè machin yo, nou ta renmen felisite Gouvènè Cuomo ak ajans leta ki responsab chajman ki fèt pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik yo. Depi nan konmansman an, Asosyasyon nou an, ansanm ak 425 manm li yo, te soutni pwogram ‘Drive Clean Rebate’ Eta a, epi nou kontan pou wè li jwenn anpil siksè. Nou fyè tou de patenarya nou avèk NYSERDA nan New York International Auto Show k ap vini an, pou kontinye ankouraje avantaj ki genyen lè moun kondui machin elektrik, pou plis pase yon milyon patisipan ki pral patisipe nan evènman sa a, apati 31 Mas rive 8 Avril.”

**Luke Tonachel, Direktè, Pwojè Machin ak Gaz Pwòp (Clean Vehicles and Fuels Project), Konsèy pou Defans Resous Natirèl (Natural Resources Defense Council), di konsa,** “Li klè ke moun New York yo vle machin ki pi pwòp. Machin elektrik diminye yon fason konsiderab polisyon lè ki danjere e ede pwoteje sante nou. Bèl pwogram ki solid tankou ‘Drive Clean Rebate’ ka pèmèt plis moun jwenn yo, e ede bati yon fiti ki pi pwòp, pi bon pou timoun nou yo.”

**Lisa Dix, Reprezantan Prensipal Sierra Club nan New York, te deklare,** “Sierra Club bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou inisyativ li k ap ede fè tranzisyon rapid pou machin elektrik, pou pwoteje lè New York yo kont pi gwo kòz polisyon lè nan eta a, epi pran kont bezwen ijan nou genyen pou diminye emisyon transpò pou atenn gwo objektif eta a fiske pou redui polisyon kabòn de 40 pousan disi 2030. N ap kontan kontinye travay avèk Gouvènè an pou mete lavant veyikil elektrik nan liy rapid la epi ede tout fanmi patisipe nan pwogram sa a.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)